



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOVERNOR CUOMO ANONSE JEFÒ KI TE FÈT YO TE MENNEN YON BÈS TO MOTALITE AKÒZ SEPTISEMI

'Règleman Rory' (Rory's Regulations) yo, ki san Parèy, Se yon Modèl Nasyonal pou Jwenn e Fè Prevansyon Septisemi

Yon Nouvo [Rapò](#) Montre Relasyon ki Genyen ant yon Lopital ki Konfòme li ak Bès To Moyalite

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon bès konstant to mòtalite poutèt septisemi nan New York, grasa Règleman Rory yo. Règleman sa yo pote non Rory Staunton, ki mouri, e se Gouvènè Cuomo ki te pwopoze yo an 2013; se yon seri pwotokòl san parèy ke yo te mete an plas pou lopital yo idantifye e trete septisemi pi byen.

“New York pran devan nan konbat enfeksyon, e jan chif sa yo montre, jefò nou yo sove lavimoun e pèmèt jwenn e trete kondisyon sa a atan, anvan li touye moun,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen bat bravo pou Ciaran ak Orlaith Staunton ki te kreye sansibilizasyon e ki te lite onon Rory pou anpeche lòt trajedi. Nou espere rès peyi a va apresye siksè ki posib lè Règleman Rory sèvi modèl pou konbat e an fendkont fini yon fwa pou tout avèk bagay septisemi sa a.”

Lè yon moun gen septisemi, ofiyamezi ògàn ak sistèm nan kò a sispann fonksyone, poutèt yon enflamasyon sistèmik avèk yon enfeksyon nan san an oswa onivo tisi mou yo. Trè souvan, sila yo ki pa mouri sibi konsekans ki chanje lavi yo, tankou pèt manm, oswa ògàn ki pa fonksyone byen ankò. Rechèch ki fèt montre ke lè yo jwenn septisemi a bonè e yo trete li byen, gen plis chans pou moun nan pa mouri.

Nouvo [rechèch](#) ki konpare done chak trimès, soti an 2014 rive an 2016, konfime yon ogmantasyon 20 pousan nan idantifye pasyan ki soufri septisemi, soti 10,970 lè rechèch yo te kòmanse, rive 13,126 alafen rechèch sa yo. Sou menm peryòd sa a, to mòtalite granmoun te bese san rete, de 30.2 pousan rive 25.4 pousan.

Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te adopte Règleman Rory yo an 2013 e li te

tounen premye eta nan nasyon an ki non sèlman konbat septisemi san souf, men ki kreye yon modèl pou lòt eta yo suiv. Règleman yo pote non Rory Staunton, yon ti gason 12 an ki te abite Queens e ki te mouri septisemi nan mwa avril 2012. Rory te pran yon so nan klas jimnastik li nan lekòl la, epi blezi po li te vin enfekte. Paran li, Ciaran ak Orlaith Staunton, te tounen defansè k ap goumen pou amelyore swen septisemi nan lopital New York.

Ciaran ak Orlaith Staunton te di, “Rory kontinye viv nan kè nou chak jou e pwogrè estwòdinè nan lit kont septisemi fèt onon li. Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo, kounye a nasyon an gen yon modèl pou li genyen batay sa, e rechèch sa yo pwouve ke sa ap mache. Nou espere rès peyi pran nòt sou pwogrè ki te fèt grasa Règleman Rory yo, suiv egzant Eta New York, e pran gwo mezi pou lòt moun pa pèdi lavi yo san rezon valab.”

Selon Règleman Rory yo, lopital yo oblije suiv pwotokòl pou kontwole pi bonè si yon pasyan pa gen septisemi, septisemi grav, oswa chòk septik. Epitou lopital yo dwe kreye direktiv pou tretman, pami lèkèl bay pasyan yo antibyotik byen bonè. Rechèch sa yo, se Depatman Lasante Eta a ki te fè yo. Rechèch yo te montre ke lè lopital yo konfòmite yo a règleman ki sou plas pou idantifye ka septisemi yo pi bonè, sa pèmèt yo aplike pwotokòl pi bonè e avèk plis efikasite.

Men kisa egzaktman rechèch yo te montre:

- An jeneral, pousantaj pasyan ki gen septisemi e ki te resevwa pwotokòl fòmèl la te ogmante de 73.7 pousan a 84.7 pousan pou granmoun e de 80.6 pousan a 85.3 pousan pou timoun;
- Pousantaj pasyan ki se timoun e ki te reyisi resevwa tout tretman yo rekòmande bay bonè, nan yon delè inèdtan, depase twa fwa lavalè, de 4.9 pousan okòmansman pou li rive a 17.6 pousan;
- Pousantaj granmoun k ap resevwa swen pou septisemi nan yon lopital nan yon delè twa èdtan ogmante de plis ke 13 pousan; li soti 41.5 pousan an 2014 pou pase a 55.2 pousan an 2016; e
- Pousantaj granmoun k ap resevwa swen pou septisemi nan yon lopital nan yon delè sis èdtan te ogmante tou de plis ke 13 pousan; li soti 36.4 pousan pou pase a 22.6 pousan.

Komisyone Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Grasa lidèchip Gouvènè Cuomo nan kad pwoblèm sa a, epitou angajman enkondisyonèl fanmi Staunton nan pou sansibilize moun sou septisemi e konbat kondisyon an, gen gwo pwogrè ki fèt nan lopital New York. N ap travay ansanm pou pran ka kondisyon sa a, ki menase lavi. Rapò sa a montre ke lè yo jwenn kondisyon an

bonè e yo trete li byen, pasyan ki fè septisemi gen plis chans pou yo pa mouri.”

Asosyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association, GNYHA), Prezidan Kenneth E. Raske, di, “Rapò sa a fè anpil pwomès e li reflète angajman solid lopital New York yo pran pou amelyore swen yo bay pasyan ki gen septisemi grav oswa chòk septik. Li reflète tou lidèchip Eta New York e vizyon li genyen pou l tounen premye eta ki adopte pwotokòl pou idantifye e trete septisemi bonè. GNYHA pral kontinye travay avèk lopital ki manm yo epitou avèk Depatman Lasante Eta New York pou asire ke lopital yo pa pèdi pwogrè sa yo e kontinye ale pi lwen toujou.”

Prezidan Asosyasyon Swen Sante nan Eta New York (Healthcare Association of New York State, HANYS), Bea Grause, RN, JD, di konsa, “HANYS bat bravo pou fanmi Staunton, Gouvènè Cuomo, Komisyone Zucker, ak Depatman Lasante Eta New York pou lidèchip yo nan kad inisyativ san parèy sa a. HANYS fyè de pwogrè manm nou yo fè. Lopital New York yo ap fè gwo kontribisyon nan domèn konesans sou jan pou yo trete septisemi, e se sa ki lakòz pi bon swen ak pi bon rezilta pou tout pasyan yo. HANYS pral kontinye ankadre efò sa yo atravè patisipasyon nou nan Komite Konsiltatif sou Septisemi Eta New York (New York State Sepsis Advisory Committee), Rezo Ankadremen pou Septisemi Atravè Eta a (Statewide Sepsis Support Network) HANYS lan, e Patenarya Eta New York pou Inisyativ Pasyan (New York State Partnership for Patients Initiative).”

Aprè piblikasyon rechèch sa yo, kounye a Depatman Lasante non sèlman konsantre sou kontinye ogmante to konfòmite lopital yo a règleman yo, men l ap travay ak gwoup Konsiltatif sou Septisemi an pou wè ki pratik klinik ak sistèm tretman egzakteman ki gen plis siksè. Sa gen ladan idantifikasyon bon jan apwòch pou yo jwenn byen bonè tout pasyan gen gwo risk, repons rapid nan ka entèvansyon byen bonè, e inisyativ pou fòmasyon ak edikasyon nouvo anplwaye nan kad tretman septisemi.

Plis pase 750,000 Ameriken fè septisemi chak ane, e plis pase 200,000 mouri poutèt li, sa ki fè li se premye kòz lanmò nan lopital e onzyèm kòz l lanmò nan tout Etazini, an jeneral. Li touye plis moun chak ane pase SIDA, kansè pwostat, ak kansè tete, met ansanm. Akòz prevalans ak konsekans li, septisemi pote gwo depans medikal; li koute apeprè 17 milya dola chak ane nan depans nasyonal pou swen sante.

###